

# Rhode Island Education

Supporting every Rhode Island student and preparing them with the **opportunities and skills** they need to be successful in a 21st century economy.

## Every Student. Every Voice.

### Establishing Strong Foundations

- National leader in early education, with all-day kindergarten and expanded pre-K
- Investing annually in leadership development for educators
- Investing in dual language programs and support for English learners
- Promoting strong, supportive school cultures through social and emotional learning and SurveyWorks

### Building Career Pathways

- Free PSAT and SAT for all students
- Largest year-over-year increase in Advanced Placement participation in the nation
- 150% growth since 2015 in college enrollment during high school
- 155+ career education programs, aligned to the high-wage, high-growth jobs of tomorrow

## For every student's passion, we have a pathway.



Learn more at [www.RIDE.ri.gov](http://www.RIDE.ri.gov)

## RICAS Prentan 2018 Rapò pou Paran/Gadyen Legal



**Non:**  
**SASID:**  
**Dat Nesans:**

**Distri:**  
**Lekòl:**  
**Klas:**

Ane eskolè 2017-2018 la reprezante premye fwa yo administre Sistèm Evalyasyon Konplè Rhode Island (Rhode Island Comprehensive Assessment System, RICAS) lan, evalyasyon yo itilize nan Massachussets la. Nou konnen ke nòt egzamen yo se sèlman yon fason pou evalye pèfòmans elèv, sepandan yo bay enfòmasyon enpòtan tou. RICAS la se yon mwayen pou pèmèt nou evalye pwogrè nou nan Rhode Island ak fè yon konparezon dirèk ak elèv ki te pran MCAS la nan Massachussets.

Rapò sa a montre si pitit ou a te satisfè atant yo pou nivo klas li a nan Lang ak Literati Angle (ELA) ak Matematik, epi si li sou bon men li pou l reyisi pou l jwenn pwomosyon pou pwochen nivo klas la. Pou chak matyè, rapò a montre nòt pitit ou a (ant 440 ak 560) epi nivo ranman li (Depase Atant yo, Satisfè Atant yo, Satisfè Pasyèlman Atant yo, oswa Pa Satisfè Atant yo).

Pandan w ap revwa rapò sa a, tanpri note ke estanda aprantisaj ak atant Rhode Island yo te rete menm konpare ak ane pase, men egzamen RICAS la pi egzijan pase ansyen evalyasyon Rhode Island yo. Ou ka wè chanjman nan fason pitit ou a te pèfòme anvan, sa ki demontre aprantisaj pitit ou a depi ane pase avèk tou ogmantasyon nan nivo difikilte egzamen an.

Pou ede w konprann pwogrè pitit ou a fè depi ane pase, apa de chanjman nan egzamen an, nou bay tou yon "nòt kwasans." Nòt kwasans la montre kijan pitit ou a te pèfòme nan egzamen ane sa a konpare ak lòt elèv Rhode Island yo ki te pran menm egzamen an nan yon ane presedan e ki te fè yon nòt similè. Nou swete enfòmasyon sa a ap ede w, epi ke li kapab fasilite fanmi w pou l pran desizyon eklere pou elèv ou a.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou w konprann rezilta rapò sa a, al vizite sitwèb nou an nan [www.ride.ri.gov/Assessment-Results](http://www.ride.ri.gov/Assessment-Results).

### Rezilta Jeneral Pitit ou a

#### Lang ak Literati Angle

Nivo Ranman  
  
Nòt  
(Entèval Nòt yo: 440-560)  
  
Santil Kwasans

Detay yo nan paj 2

#### Matematik

Nivo Ranman  
  
Nòt  
(Entèval Nòt yo: 440-560)  
  
Santil Kwasans

Detay yo nan paj 3

#### Kounye a kisa pou m fè?

Si nòt pitit ou a tonbe nan kategori Pa Satisfè Atant yo oswa Satisfè Pasyèlman Atant yo pou ELA oubyen Matematik, li enpòtan anpil pou w patisipe nan konferans pou pwofesè ak fanmi yo epi pou w diskite sou nenpòt preyokipasyon ou ka genyen. Lè w lakay ou, pale ak pitit ou a sou kòman jounen lekòl li te ye pou w kapab ranfòse materyèl l ap aprann yo. Timoun ki gen fanmi ki aksyantye sou valè edikasyon yo gen plis chans pou yo bay edikasyon enpòtans tou. Si pitit ou a ap Satisfè Atant yo oubyen l ap Depase Atant yo, panse pou w fè yon chita pale ak pwofesè pitit ou a pou asire w ke pitit ou a rete motive epi enliye.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou edikasyon pitit ou a, ak sou kijan Rhode Island ap travay pou l amelyore lekòl nou yo, ale nan [www.RIDE.ri.gov/ESSA](http://www.RIDE.ri.gov/ESSA).

#### Kijan mwen ka sipòte edikasyon pitit mwen an?

- Prezans li nan lekòl la enpòtan. Fè li yon priyorite pou w mennen pitit ou lekòl alè, chak jou.
- Etabli abitud fè lekti lakay ou chak jou, epi ankouraje pitit ou pou l fè lekti kòm mwayen divètisman.
- Toujou kenbe kontak ak lekòl pitit ou a. Patise nan yon gwoup pou paran, pwograme konferans pou pwofesè ak fanmi yo regilyèman, epi aprann konnen kominote lekòl ou a.
- Pataje opinyon w yo! Pou w ede amelyore lekòl pitit ou a patise, chak ane, nan SurveyWorks, yon ankèt Rhode Island fè chak ane sou kilti ak klima nan lekòl.
- Kòmanse yon konvèsasyon. Poze kesyon. Pale ak pitit ou sou sa l ap aprann, epi montre w enterese nan matyè li renmen yo.

# Lang ak Literati Angle

Nivo Ranman Pitit ou a:

Nòt Pitit ou a:



Ba orizontal gri a ki parèt nan grafik pi wo yo ak pi ba a montre gàm nòt pwobab pitit ou kapab resewva si li te pran egzamen an plizyè fwa.


## Rannman

Rannman pitit ou bay pa rapò ak elèv nan lekòl yo a, distri a ak eta a.

Ane	Nòt Pitit Ou a	Nòt Mwayèn		
		Lekòl	Distri	Eta
2018				

## Santil Kwasans Elèv 2018

Nòt pitit ou a ane sa a menm oubyen pi bon pase \_\_pousan elèv Rhode Island ki te fè nòt similè ak pitit ou a sou evalyasyon PARCC a ane presedan an (yo).



## Rannman pitit ou a pou chak kategori rapòte ak pou chak kesyon endividyèl egzamen an

Kategori Rapòte	Pwen Pitit Ou a Fè	Pwen Total Posib	Kantite Pwen Anmwayèn Elèv ki Satisfè Atant yo fè nan Nivo Eta a ki Prèske Rive 500
Lekti			
Ekriti			
Lang			

## Kesyon Endividyèl Egzamen an


Kesyon Nimewo	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23	24	25
Pwen li Fè																									

Lejann x/y = x pwen li resewva sou y pwen ki posib Espas vid = okenn repons

# Matematik

Nivo Ranman Pitit ou a:

Nòt Pitit ou a:



Ba orizontal gri a ki parèt nan grafik pi wo yo ak pi ba a montre gàm nòt pwobab pitit ou kapab resewva si li te pran egzamen an plizyè fwa.


## Rannman

Rannman pitit ou bay pa rapò ak elèv nan lekòl yo a, distri a ak eta a.

Ane	Nòt Pitit Ou a	Nòt Mwayèn		
		Lekòl	Distri	Eta
2018				

## Santil Kwasans Elèv 2018

Nòt pitit ou a ane sa a menm oubyen pi bon pase \_\_pousan elèv Rhode Island ki te fè nòt similè ak pitit ou a sou evalyasyon PARCC a ane presedan an (yo).



## Rannman pitit ou a pou chak kategori rapòte ak pou chak kesyon endividyèl egzamen an

Kategori Rapòte	Pwen Pitit Ou a Fè	Pwen Total Posib	Kantite Pwen Anmwayèn Elèv ki Satisfè Atant yo fè nan Nivo Eta a ki Prèske Rive 500

## Kesyon Endividyèl Egzamen an

Kesyon Nimewo	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14	15	16	17	18	19	20	21	22	23	24	25	26	27	28	29	30	31	32	33	34	35	36	37	38	39	40
Pwen li Fè																																								

Lejann x/y = x pwen li resewva sou y pwen ki posib Espas vid = okenn repons